

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data


Ieu panalungtikan museur kana rumpaka Tembang Sunda Cianjuran boh dina wangun tinulis ogé dina wangun lisan. Nurutkeun Moleong (2007: 157) sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kumpulan kecap jeung tindakan. Patali jeung éta hal sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan kecap nu mangrupa rumpaka tembang Sunda Cianjuran anu dikumpulkeun tina buku kumpulan rumpaka tembang Sunda Cianjuran, kasét tembang Sunda Cianjuran, sawatara ahli tembang, jeung masarakat. Rumpaka tembang Sunda Cianjuran dina wangun tinulis dikumpulkeun tina sababaraha buku sumber anu patali jeung éta hal, sedengkeun wangun lisan dikumpulkeun tina hasil wawancara ka sawatara ahli seni tembang Sunda Cianjuran jeung masarakat umum sarta hasil tina ngareregepkeun kasét.

3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010: 175) desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Unsur-unsur anu bakal didéskripsikeun nya éta struktur dinamik jeung ajén étnopédagogik rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Struktur dinamik rumpaka tembang Sunda Cianjuran ngawengku struktur fisik anu ngawengku (1) guru gatra, guru wilangan jeung guru lagu; (2) imaji , jeung struktur batin anu ngawengku (1) téma; (2) rasa; (3) nada; jeung amanat. Ajén étnopédagogik Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran ngawengku (1) Prilaku Nyunda Tri-silas; (2); Catur Jatidiri Insan; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya); jeung (4) Moral Kamanusan.


Desain dina ieu panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap:



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

Rumpaka tembang Sunda Cianjuran bisa disawang salaku kajian seni jeung kajian sastra (puisi). Rumpaka tembang Sunda Cianjuran dina ieu panalungtikan rék dikaji ku ulikan struktural dinamik. Kajian struktur tangtuna bakal ngaguar rumpaka maké péso analisis struktur puisi anu ngawengku hakékat (téma, rasa, nada, jeung amanat) sarta métode anu ngawengku (guru gatra, guru wilangan, guru lagu, jeung imaji). Tina analisis struktur ieu nimbulkeun interprétasi eusi. Pikeun nganalisis ajén étnopédagogik dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran ngaliwatan prosés analisis dumasar kana ajén inajén budaya Sunda anu ngawengku (1) Prilaku Nyunda Tri-silas; (2); Catur Jatidiri Insan; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya); jeung (4) Moral Kamanan.

Ieu panalungtikan miboga léngkah-léngkah dina prakna. Anapon éta léngkah-léngkah bisa ditingali ieu di handap.



Bagan 3.2
Langkah-léngkah Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Ratna (2011: 34) méthode nya éta léngkah-léngkah, stratégi pikeun maham kanyataan, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan pasualan sabab akibat satuluyna. panalungtikan nya éta metode déskriptif.

Nurutkeun Sukmadinata (2012: 72) méthode déskriptif ditujukeun pikeun ngagambarkeun atawa ngadéskripsikeun kajadian-kajadian nu aya boh nu sipatna alamiah, boh anu sipatna ciptaan manusa.

Sastra miboga sipat anu has, kitu deui rumpaka Tembang Sunda

Cianjuran, ku kituna métode anu digunakeun pikeun medar eusi rumpaka Tembang Sunda Cianjuran nya éta métode hermeneutik. Sacara étimologis istilah “hermeneutik” asalna tina basa Yunani *hermeneuein* anu hartina ‘nafsirkeun’. Kecap barangna *hermeneia* sacara harfiah dihartikeun ‘tapsiran’ atawa interprétasi. Nurutkeun Ricoeur (2012: 61) hermeneutik mangrupa interprétasi anu oriéntasina nya éta téks. Nurutkeun Ratna (2011, kaca 46) tujuan métode hermeneutik lain néangan ma’na anu bener, tapi ma’na anu optimal.

Nurutkeun Palmer (2005: 15) hermeneutik miboga tilu wangun ma’na dina interprétasi, anu ngawengku (1) *to express*, ngébréhkeun kecap; (2) *to explain* pikeun ngajelaskeun hiji situasi; (3) *to translate*, narjamahkeun. Tilu pungsi di luhur bisa diwakilan ku kecap *to interpret* atawa ngainterprétasikeun. Interpretasi sastra bisa nyoko kana tilu pasualan anu béda, nya éta omongan lisan, pedaran anu asup akal, jeung transliterasi tina basa séjén.

Interprétasi nya éta ngajelaskeun ma’na anu samar jadi ma’na anu jelas tur babari dipikaharti. Tugas jalma anu ngalakukeun interprétasi nya éta pikeun ngécéskeun pasualan ku cara nalungtik sakabéh prosés interprétasi sacara detail. Lian ti éta jalma anu ngainterprétasi kudu mikanyaho pesen hiji téks, tuluy neuleuman eusi téks anu antukna bisa jadi urang salaku panafsir éta téks. Ku kituna pikeun neuleuman harti nu jero, panafsir kudu miboga pangaweruh anu jembar boh anu patali jeung karya sastra boh di luar karya sastra.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, baris didadarkeun ngeunaan wangenan operasional tina variabel-variabel saperti ieu di handap:

- a. Rumpaka tembang Sunda Cianjuran mangrupa wangun ugeran (puisi) anu biasa ditembangkeun dina pagelaran seni anu disebut Tembang Sunda Cianjuran. Rumpaka tembang Sunda Cianjuran aya nu disusun dina puisi bébas aya ogé anu disusun dina wangun pupuh.

- b. Tembang Sunda Cianjuran nya éta jenis seni sora asal Cianjur anu pinuh ku wirahma tur dipirig ku rupa-rupa waditra saperti kacapi indung, kacapi rincik, suling atawa rebab.
- c. Struktural dinamik nyaéta tata hubungan antara bagian-bagian hiji karya jadi gemblenganana. Struktur dinamik nyoko kana struktur lahir anu ngawengku (1) guru gatra; (2) guru wilangan (3) guru lagu jeung (4) imaji, sarta struktur batin puisi ngawengku (1) téma; (2) rasa; (3) nada jeung (4) amanat.
- d. Ajén étnopédagogik nya éta ajén atikan anu nyampak dina kearifan budaya lokal anu aya dina hiji kebudayaan di masarakat. Ajén étnopédagogik nyoko kana (1) Prilaku Nyunda Tri-silas; (2); Catur Jatidiri Insan; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya); jeung (4) Moral Kamanusan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Nurutkeun Arikunto (2010: 203) instrumén nyaéta pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagaweanana leuwih gampang jeung meunangkeun hasil nu hadé, dina harti taliti, lengkep, jeung sistematis sangkan leuwih gampang ngolahna.

Instrumén dina ieu panalungtikan ngawengku pedoman wawancara, pedoman inventaris jeung kartu data. Ieu di handap dipedar perkara instrumén panalungtikan.

3.5.1 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun ngumpulkeun rumpaka Tembang Sunda Cianjuran anu masih sumebar sacara lisan ti informan. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara henteu *berstruktur* di mana informan teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruh ngeunaan rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Ieu di handap mangrupa pedoman wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan.

Pedoman Wawancara Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran

1. Idéntitas Narasumber
 - a. Ngaran:
 - b. Umur:
 - c. Warna Jinis:
 - d. Pakasaban:
 - e. Atikan :
 - f. Basa nu dipake sapopoé:
 - g. Padumukan:
2. Judul rumpaka tembang Sunda Cianjuran :
3. Sanggian:
4. Rumpaka tembang Sunda Cianjuran
5. Ma'na anu kacangking dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran

3.5.2 Pedoman Inventaris

Pedoman inventaris dipaké pikeun ngainventaris rumpaka tembang Sunda Cianjuran anu geus kakumpul ditilik tina judul, sanggian, jeung sumber data. Ieu di handap mangrupa pedoman inventaris rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Tabel 3.1
Pedoman Inventaris Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran

No	Judul	Sanggian	Sumber Data
1			
2			

3.5.3 Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngadokuméntasikeun data anu mangrupa rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Kartu Data Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran

Waktu Observasi :

Tempat :

Judul :
Sanggian :
Rumpaka: Kode:

Sangkan babari dina ngolah datana ieu panalungtikan ogé ngagunakeun sistem tabulasi.

Tabel 3.2
Kode Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran

No	Judul RTSC	Sanggian	Wanda RTSC	Kode RTSC
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Tabél 3.3
Struktur Fisik Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran

Kode	Jumlah Pada	Guru Gatra	Guru Wilangan jeung Guru Lagu
(2)	(2)	(3)	(4)

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta observasi langsung di mana panalungtik kalibet langsung dina panalungtikan di lapangan. Ieu kagiatan ngawengku observasi, talaah pustaka, jeung wawancara.

- a. Téhnik obsérvasi, mangrupa téhnik dasar panalungtikan, observasi ngaisaratkeun nyatet jeung ngarekam sistématis sakabéh data, ogé digunakeun pikeun niténan kaayaan jeung hal anu dijadikeun sumber data. Ieu hal pikeun maluruh tembang Sunda Cianjuran boh anu bacacar boh anu aya dina buku.
- b. Téhnik talaah pustaka, mangrupa panalungtikan nu dilakukeun di ruang pabukon pikeun maluruh jeung nganalisis data nu sumberna ti pabukon. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya patalina jeung konsép, teoritis katut bahasan pasualan panalungtikan.
- c. Téhnik wawancara, nyaéta cara-cara meunangkeun data ku cara nyanghareupan langsung, ngobrol, boh antar individu jeung individu atawa individu jeung kelompok. Tujuan wawancara nya éta pikeun ngumpulkeun data ti para nara sumber/réspondén ngeunaan rumpaka tembang Sunda Cianjuran.

Dumasar téhnik di luhur, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun rumpaka tina buku téks rumpaka tembang Sunda Cianjuran;
- 2) Nyalin rumpaka tembang Sunda Cianjuran kana kartu data;
- 3) Ngayakeun wawancara jeung narasumber;
- 4) Ngayakeun observasi ka sanggar seni bari ngainventarisir data rumpaka tembang Sunda Cianjuran anu dipikabutuh;
- 5) Méré kode kana rumpaka tembang, pada jeung padalisanana; sarta
- 6) Nyieun transkripsi hasil wawancara jeung hasil observasi kana wangun tinulis.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih, saterusna diolah maké téhnik analisis unsur langsung jeung analisis hermeneutik. Analisis unsur langsung dipaké pikeun nganalisis struktur dinamik rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Analisis hermeneutik dipaké pikeun nganalisis ajén étnopédagogik rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Dina ngolah data dilaksanakeun léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui rumpaka tembang Sunda Cianjuran nu geus kakumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan rumpaka tembang Sunda Cianjuran;
- 3) Nganalisis struktur dinamik rumpaka tembang Sunda Cianjuran. Eusina ngawengku struktur batin (1) téma; (2) rasa; (3) nada; jeung amanat, sarta struktur fisik (1) guru gatra, guru wilangan, guru lagu (2) imaji;
- 4) Nganalisis eusi jeung ajén étnopédagogik rumpaka tembang Sunda Cianjuran anu ngawengku (1) Prilaku Nyunda Tri-silas; (2); Catur Jatidiri Insan; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya); jeung (4) Moral Kamanusan;
- 5) Ngadéskripsikeun struktur dinamik jeung ajén étnopédagogik rumpaka tembang Sunda Cianjuran;
- 6) Nafsirkeun struktur dinamik jeung ajén étnopédagogik rumpaka tembang Sunda Cianjuran;
- 7) nyusun kacindekan hasil panalungtikan jeung saran.